

Deklarasyon Dwa Kontribiyab Vil New York

BIWO DEFANSÈ KONTRIBIYAB

Dwa pou Jwenn Enfòmasyon

Ou gen dwa pou konnen kijan pou konfòme ou avèk lwa Vil New York konsènan taks. Ou gen dwa pou jwenn eksplikasyon ki aklè ak senp sou lwa ak pwosedi nan tout fòm taks Depatman Finans, enstwiksyon, pi-blikasyon, avi ak korespondans. Ou gen dwa pou jwenn yon eksplikasyon aklè ak rezon pou yon desizyon Depatman Finans. Ou gen dwa pou jwenn yon kopi Deklarasyon Dwa Kontribiyab Vil New York sa a.

Dwa pou Jwenn Bon Kalite Sèvis

Ou gen dwa pou resevwa èd nan yon manyè ki koutwa ak pwofesyonèl nan yon kantite tan rezonab nan Depatman Finans. Ou gen dwa pou yo pale avèk ou nan yon fason ou kapab konprann fasil. Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon ki aklè ak fasil pou konprann nan Depatman Finans. Ou gen dwa pou ekri yon sipèvizè epi/oswa pale avèk li konsènan move kalite sèvis.

Dwa pou Konprann Kijan yo Kalkile Taks Kay Ou

Ou gen dwa pou konprann nan lang ki pa teknik fason Depatman Finans kalkile taks kay ou. Ou gen dwa pou konprann kijan Depatman Finans detèmine valè mache a ak valè estime a. Ou gen dwa pou konprann pousantaj taks ak limit taks Depatman Finans te aplike lè yo t ap kalkile taks kay ou. Ou gen dwa pou konnen pou ki egzanpsyon taks kay ak/oswa rabè ou kapab aplike ak fason pou aplike pou yo. Ou gen dwa pou resevwa yon eksplikasyon, alekri, pou kisa Depatman Finans te aksepte, refize oswa retire yon egzanpsyon oswa yon rabè sou taks kay ou.

Dwa pou yon Sistèm Fiskal ki Onè ak Jis

Ou gen dwa pou espere Depatman Finans konsidere done ak sikonstans ki ta ka afekte taks ou. Ou gen dwa pou yo ba ou tan pou bay enfòmasyon pou kore reklamasyon ou. Ou gen dwa pou espere Depatman Finans ap itilize nenpòt lwa nèt k ap pèmèt Depatman Finans konsidere mwayen ou pou peye si ou ta mande yon èd konsa. Ou gen dwa pou resevwa èd Defansè Kontribiyab si Depatman Finans pa rezoud pwoblèm taks ou kòrèkteman avèk metòd nòmal li yo nan yon kantite tan rezonab oswa si ou kwè Depatman Finans vyole youn nan dwa sa yo.

Dwa pou Jwenn Reprèzantasyon

Ou gen dwa pou fè yon moun ede ou nan rapò ou avèk Depatman Finans. Si reprèzantan ou depoze yon Dwa Pwokirasyon, lè sa a Depatman Finans dwe rekonèt moun sa a kòm reprèzantan ou epi yo kapab divilge enfòmasyon sou taks ou ba moun sa a.

Dwa pou Pa Peye Plis Pase Kantite Lajan Taks ki Kòrèk la

Ou gen dwa pou peye sèlman kantite lajan taks ou dwe legalman, ansanm ak enterè ak sanksyon. Ou gen dwa pou espere Depatman Finans ap aplike peman taks ou kòrèkteman. Ou gen dwa pou resevwa yon bòdwo oswa etadkont ki montre kantite lajan taks, ansanm ak enterè ak sanksyon, ou dwe.

Dwa pou Irevokabilite

Ou gen dwa pou konnen dat limit pou konteste pwendvi Depatman Finans. Ou gen dwa pou konnen kantite tan maksimòm Depatman Finans gen pou fè odit sou sèten ane fiskal oswa pou fè rekouvremant yon dèt lajan taks. Ou gen dwa pou konnen kantite tan maksimòm ou gen pou mande yon ranbousman taks. Ou gen dwa pou konnen lè Depatman Finans fini yon odit. Ou gen dwa pou konnen kilè ak kijan Depatman Finans kapab touche yon lajan taks ou dwe. Ou gen dwa pou konnen aksyon Depatman Finans se yon aksyon ki final.

Dwa pou Enfòmasyon Prive

Ou gen dwa pou espere nenpòt ankèt, egzamen oswa aksyon ranfòsman Depatman Finans ap fè ap respekte lalwa. Ou gen dwa pou espere nenpòt aksyon Depatman Finans ap fè p ap pi minimòm pase nesèsè. Ou gen dwa tou pou espere Depatman Finans ap respekte tout dwa pou pwosedi ofisyèl, tankou pwoteksyon kont fouy ak konfiskasyon.

Dwa pou Konfidansyalite

Ou gen dwa pou espere nenpòt enfòmasyon ou bay pou Depatman Finans p ap pral jwenn yon moun oswa òganizasyon ki pa nan Depatman Finans, sof oumenm oswa lalwa apwouve sa. Ou gen dwa pou yo fè ou konnen si yo divilge enfòmasyon ou san apwobasyon oswa si lalwa pa t bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon ou yo. Ou gen dwa pou espere Depatman Finans fè aksyon kont anlwaye ak lòt moun ki itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo nan yon manyè ki pa kòrèk.

Dwa pou Konteste Pwendvi Depatman Finans ak Dwa pou Fè Tande Vwa ou

Ou gen dwa pou konteste epi pou bay plis dokiman ba Depatman Finans. Ou gen dwa pou espere Depatman Finans ap revize kontestasyon ou ak dokiman ou yo vit ak yon fason onèt. Ou gen dwa pou resevwa, alekri, yon eksplikasyon ki fè Depatman Finans pa dakò avèk pwendvi ou. Ou gen dwa pou resevwa yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè Depatman Finans pa aksepte dokiman ou yo. Ou gen dwa pou yo fè ou konnen kijan pou konteste yon desizyon Depatman Finans oswa kijan pou mande yon Konferans pou Konsilyasyon. Ou gen dwa pou resevwa yon repons alekri pou kontestasyon ou oswa Konferans pou Konsilyasyon ou. Ou gen dwa pou yo fè ou konnen kilè ak kijan ou kapab fè plent ba Komisyon Taks, Tribinal Kontestasyon Taks ak Tribinal Siprèm New York.

KONTAKTE NOU

THE OFFICE OF THE TAXPAYER ADVOCATE
375 PEARL STREET, 26th FLOOR
NEW YORK, NY 10038

nyc.gov/taxpayeradvocate